Life don beta…

EPISODE 8

Characters
Grace
Desmond
Isoken
Efe
Innocent
Ngozi

Scene 1, Pullen's House, Evening

1. **SFX:** **DOOR QUIETLY BEING CLOSED, LIGHT FOOTSTEPS.**

2. **EFE:** Ohoooo! **(CLAPS)**

3. **ISOKEN:** **(SQUEALS)** Eeek. (**STAMMERS**) Aunty Efe

4. **EFE:** **(QUIET BUT DANGEROUS TONE)** Isoken, na wer you dey since?

5. **ISOKEN:** **(SCARED)** Good evening aunty Efe.

6. **EFE:** Answer me before I break your stupid, empty head. Isoken wer you dey since? You criminal.

7. **ISOKEN:** **(SMALL VOICE)** I go carry Chucks for school take am go give im mama.

8. **EFE:** Wen you go your witch meeting, I know sey your voice dey loud wellwell so talk make you I hear before I loose my temper. Evil pikin. No good tin fit commot for your body.

9. **ISOKEN:** Mummy, abeg no vex. I no fit just leave am for school.

10. **EFE:** **(SHOUTING)** Shut up! You don dey disobey me ehen. How you take commot for de room? You use juju? If na dat one you wan talk, I go show you sey I no be small pikin for dat mata, you hear me ?

11. **ISOKEN:** **(SHOCKED)** No mummy, I no use witchcraft. Make lightening fire me if na lie I dey talk.

12. **EFE:** So how you take commot for room?

13. **ISOKEN:** **(SHAKY VOICE)**I climbed window.

14. **EFE:** **(CLAPS)** Wonder upon wonder. So na oga of criminals I dey live with for house.

15. **ISOKEN:** Mummy, no vex , abeg forgive me. I no mean to do am. I dey very sorry.

16. **EFE:** I go beat you till dat thief thief spirit go commot for your boby, you dis girl.

17. **SFX:** **CHAIR FALLS OVER AS EFE LUNGES AT ISOKEN.**

18. **ISOKEN:** Mama abeg o. **(SCREAMS).** My ear o. Mama abeg, I no go do am again. (**WAILING)**

19. **SFX:** **SOUND OF SLAPS, FISTS CONNECTING AGAINST SKIN.ISOKEN GRUNTING IN PAIN.**

20. **ISOKEN:** **(WEAKLY)** Abeg.

21. **EFE:** You See yourself (**SLAPS).** You See yourself? **(SLAPS).** You tink sey you be big gal abi. Me and you be mate. **(PUNCH).** Ingrate **(SLAP),** Witch **(PUNCH),** Useless **(SLAP).**

22. **SFX:** **ISOKEN SCREAMS AS SHE FALLS AGAINST A TABLE, KNOCKING IT OVER.**

23. **ISOKEN:** **(MOANING)** Iye mu diakemwenoooh.

24. **EFE:** **(PANTING)** Your mama ehn? You dey call your mama? I go send you make you meet am.

25. **SFX:** **FOOTSTEPS RUNNING OFF MIC AND A SOUND OF SOMETHING HEAVY AND WOODEN BEING REMOVED (OFF MIC).**

26. **EFE:** **(PANTING)**Go meet your mama **(GRUNTS AS SHE SWINGS THE WOODEN GARRI STIRRER)**

27. **ISOKEN:** **(SCREAMS)** Mama, abeg noooooo.

28. **SFX:** **DULL THUD OF WOOD AGAINST SKULL. ISOKEN SCREAMS AGAIN.**

29. **ISOKEN:** **(GROANING, SLURRING HER WORDS)** My head o...my head o...see blood...see plenty blood... God help me o. Mama, Mama you don finally kill me... now you go rest. **(WEEPS).**

30. **MUSIC:** **BRIDGE UP AND FADE.**

SCENE 2, HOSPITAL, MORNING

31. **SFX:** **HOSPITAL SOUNDS. SOUNDS OF MACHINES. BABIES CRYING**

32. **INNOCENT:** **(ADMIRINGLY)** She fine o. My new baby fine just like im mama.

33. **NGOZI:** **(GIGGLES)**Abeg, No pull my leg, Innocent.

34. **INNOCENT:** Ngozi, Na true I dey talk. Abi you no fine?

35. **NGOZI:** I no know o, Innocent. I no even bring my make up wen I rush come here .

36. **INNOCENT:** You fine even witout makeup my darling Ngo. And na our baby fine pass for dis whole world.

37. **NGOZI:** Thank you, my husband. I wan go home sha.

38. **INNOCENT:** E no too quick to dey go house? You don dey Ok now?

39. **NGOZI:** I feel strong today. Infact dem don dey talk sey dem go discharge me today.

40. **INNOCENT:** That's good. I sure sey Chucks go don miss you wellwell.

41. **NGOZI:** **(SIGHS)** Heyaaa. Na true oh.

42. **SFX:** **SOUND OF BAGS BEING ARRANGED, PROVISIONS BEING PACKED**

43. **INNOCENT:** Na everything be dat?

44. **NGOZI:** E remain my bathroom slippers. E dey for under de bed.

45. **VOICE:** Ah Ngozi, you don dey leave us be dat? We go miss you and all your talk talk o.

46. **NGOZI:** Innocent, dis na Ifueko, na four day ago she born.

47. **VOICE:** No be joke o. Imagine, na two days after I don dey here she come and now she wan go. And me I still dey here at least till tomorrow.

48. **NGOZI:** Na because me and Inno dey do family planning o. E make my body rest wellwell ,dat na why I bounce back quickly.

49. **INNOCENT:** I happy sey you dey commot quick quick , I worry wen I hear sey you dey labour.

50. **NGOZI:** Forgive me my husband, I no remember ask, how your course sef?

51. **INNOCENT:** E dey ok, but I rush commot make I come see you wen I hear your news. I neva even reach house. How Chucks?

52. **NGOZI:** e dey wit Pastor Ogbe and im wife.

53. **INNOCENT:** **(CONFUSED)** Ehen? I bin tink sey na Isoken suppose look after am .

54. **NGOZI:** **(ANGRY)** Na she o. No mind dat witch Efe. You fit believe sey e dey make trouble for Isoken?

55. **INNOCENT:** **(SHOCKED)** You no mean am?

56. **NGOZI:** E lock am for house. De poor girl come climb window commot go pick am for school. Na only God sabi wetin for happen.

57. **INNOCENT:** Tufiakwa. E no be my portion.

58. **NGOZI:** Amen.

59. **INNOCENT:** **(FURIOUS)** But wetin be dat woman problem sef. Why Efe no fit let Isoken look after Chuck for just small time?

60. **MUSIC:** **BRIDGE UP AND FADE.**

SCENE 3, MARKET, LATE MORNING

61. **SFX:** **SOUND OF A MARKET. PEOPLE SELLING THINGS. SOUNDSOF MOTORCYCLE AND CAR HORNS.**

62. **DESMOND:** **(ON HIS PHONE)** Hello, hello..Yes, I sey I wan 30 cartons of milk, no be 20. You dey ask who be dis ? Dis na Desmond! Desmond!! You no dey hear? (**SHOUTS)** No be 20, 30.

63. **SFX:** **KNOCKING SOUND.**

64. **DESMOND:** **(IRRITATED)** Yes, who be dat?

65. **GRACE:** **(OFF MIC)** Good afternoon, sir. Abeg my name Grace.

66. **DESMOND:** **(VOICE SOFTENS ONCE HE HEARS IT'S A WOMAN, TAKES ON A FLIRTATIOUS QUALITY)**Grace..hmm..Abeg come inside.

67. **SFX:** **DOOR OPENS AND CLOSES.**

68. **DESMOND:** Sit down, my dear. Make I finish dis call so we go fit talk.

69. **GRACE:** **(ON MIC)** Thank , sir.

70. **DESMOND:** **(VERY STERN, ON HIS PHONE)** Listen, make I tell you now. If you mess my order again, you go see. Understand? Ok...No problem...bye.

71. **SFX:** **BEEPING SOUND TO SIGNIFY SWITCHING OFF THEHANDSET.**

72. **DESMOND:** So my dear. Wetin I fit do for you? Wetin be your name again?

73. **GRACE:** Grace sir

74. **DESMOND:** Fine name for fine woman.

75. **GRACE:** **(LAUGHS, A LITTLE UNCOMFORTABLE)** Thank you, sir.

76. **DESMOND:** Abeg, my name na Desmond. So wetin bring you come here?

77. **GRACE:** I wan start small market. And I wan make you help me.

78. **DESMOND:** Ok. How much money you get wey you go keep as deposit.

79. **GRACE:** **(EMBARRASSED)** Ehen, you see, the problem be sey I no get any money for deposit. People sey I fit buy market for your hand for credit and I go pay wen I sell finish.

80. **DESMOND:** Yes, I dey do dat sometimes.

81. **GRACE:** Abeg,I nid your help seriously. I just wan make small money for mysef.

82. **DESMOND:** **(SYMPATHETIC)** Fine woman like you no nid to dey scratch ground to buy market for credit.

83. **GRACE:** Thank you, sir. Tins hard us wellwell for our house. De tins wey we nid money for plenty and e hard to even do dem. If you fit help me, God go bless you.

84. **DESMOND:** **(LAUGHS)** No Wahala. I no fit refuse beautiful woman like you wey get wahala. You don know wetin you wan sell?

85. **GRACE:** I for like sell provision like milk and sugar.

86. **DESMOND:** Nooo!If you wan make money na tins like cold drinks and pure water you go sell. Naija no hot? Wetin people go nid wen e hot?

87. **GRACE:** **(EXCITED)** Cold drinks!

88. **DESMOND:** **(LAUGHS)** Smart woman

89. **GRACE:** Thank you o, Mr.Desmond. No worry, I go bring de 3 guarantor for my community come wey go show sey I go pay.

90. **DESMOND:** I sey No problem. I trust you, no nid for guarantor. I like you and you look like beta person. I know sey you no go run with my money.

91. **GRACE:** God go bless you, Mr Desmond. Thank you as you trust me and for your help and advice.

92. **DESMOND:** No problem. All of us need help, e fit be your turn to help me tomorrow.

93. **MUSIC:** **BRIDGE UP AND FADE**

SCENE 4
Innocent House, Evening

94. **SFX:** **KNOCKING ON DOOR**

95. **NGOZI:** Who be dat?

96. **EFE:** (**OFF MIC**)Ngozi na me oh.

97. **NGOZI:** **(LESS FRIENDLY)** Oh Efe… abeg wait I dey come.

98. **SFX:** **DOOR OPENS**

99. **EFE:** **(HAPPY)** Congratulations O Ngozi!!! We thank God oh. How you dey? Sorry o , I no come see you since. How baby now?

100. **NGOZI:** **(COLDLY)** Baby dey fine.

101. **EFE:** Make I enter come see am now?

102. **NGOZI:** Ah, e dey sleep. And e no tey wey i come back, I wan clean de house.

103. **EFE:** **(TAKEN ABACK)** Ahnahn Ngozi, whyyour face come dey like stone like dis? Hope sey notin do de baby? Abi Innocent dey vex sey na girl?

104. **NGOZI:** Efe, nothing wrong. Abeg I wan go cook for my husband.

105. **EFE:** Haba, you no nid to rude for me. I no be your mate o.

106. **NGOZI:** I dey try well well make I respect you, Efe but I no be pretender. I no like people wey dey pretend. For de sake of respect na de only tin i go talk be dat.

107. **EFE:** Pretender? Ngozi, wetin you dey talk?

108. **NGOZI:** See you now dey come smile wit me, dey do jolly jolly like sey you be my friend. Wen my son dey only am for school you no allow make Isoken go carry am.

109. **EFE:** **(AGGRESSIVE)** So make I allow Isoken dey waka anyhow for my house like sey na hotel e dey ehn? E suppose ask me first of all before e gree go dat kin message for you.

110. **NGOZI:** Ehen ehen,? To come worse mata,I hear sey you break im head because e disobey you. You be wicked woman and God dey see every tin wey you dey do. Every time wey you no give am food , you beat am, god for heaven dey see .

111. **EFE:** Na who you dey talk to like dat? You dey crase? Abi you don forget sey I be your landlady?

112. **NGOZI:** And so? Me and my husband no owe you any money , we don pay you advance so you no fit do us anytin. I don tire you hear. If wetin you come see na weda you evil plan don work for my family, make I tell you, you don fail. So come dey go.

113. **EFE:** You dis stupid,ungreatful Igbo rat. So now wey you don come from dat your bush come see town, you don believe sey you fit follow you elder and people wey beta pass yoy talk anyhow?

114. **NGOZI:** Beta pass me?You dey dream. You local and you no even fit talk beta gramma sef. My village fit no big like Binni, but make I tell you somtin, i get OND, and na proper illiterate you be.

115. **EFE:** **(CLAPS)** Wonder upon wonderment. See insult. Lizard wey dey crawl wit im bele don insult eagle.

116. **NGOZI:** Abeg ,abeg,Efe, carry your trouble dey go o. I dey on my jeje wen you come visit . Na by force sey i must welcome you?

117. **EFE:** Hmmmm! Ngozi! So na me you dey talk to like dis? No just worry, make my husband come back. Make Pullen come back, e no go easy for you for dis house!

118. **MUSIC:** **<u>BRIDGE UP AND FADE UP AND UNDER</u>**